11.- TÀGGAT YARAM

Nangeen def, manla Rosa jàŋgalekat tàggat yaram ci kalaas yëpp ci njàŋg mu war mi. Maay jàŋgale ñi am fukki at ak benn, fukki at ak ñaar ba ñi am fukki at ak juróom benn. Ci diiru ñetti at yooyu dinañ fexe ba ngeen xam xeetu tàggat yaram yu bari yu mbooloo di def ak yu kenn di def.
Jamano bi ñuy def liggéeyu mbooloo ñëppa war book, mooxam neexna leen wala deete. Ñëppa ci war jàpp, keenn warula laqatu, wolla ngay toog te defoo dara, dañoo wara japalante ñun ñëpp.
Ci at yu jëkk yi liggéeyu mbooloo lañuy faral di def, fowu mbooloo, fowu japalante. Luñuy gënë jëm ci kanam di gënë wàññi grup yi. Dinañ farale di liggéey ak mbooloo mu néew ba deme ba ci ñaar ñaar, lépp ngir ñu mënë jubëntiwante te di japalante.
Ci biir ñetti at yooyu bëgg nañ ngeene xam lumu néew néew reegalmaa yi ak nuñ koy defe ngir du la dese ludul diko def ci ekool bi ak tamit boo gennee ci ngoon di fo ak sa xarit yi ngir ngeen mënë organisewu seen biir te jàŋgalekat bi du fa neekk.
Bëgg na ñu itam nga xamni yow mi jóge feneen amnañu waxtu yoo xamni fowu réew yëpp lañu fay def, fowu japalante, fowu aada. Kone dinañe jeeema fexe ba jàŋg yeneen xeetu fo ci ñi jóge beneen réew ñëw fii ci Espaañ. Ñooñu lañuy laaj xeetu fo yiñu doon def seen réew ak nan lañu koy defe. Suñu ko xamulee ñu setko ci Internet wala ci téere yi ngir ñu mënë ñam yeneen aada yinga xamni amul fii.
Aye fowu Aragon ak Espaañ lañuy faral di def waaye nañu xam itam ni amna yeneen xeeti fo ak ay aktiwite ci yeneeni réew te it mën nañu cee am banneex bu rëy buñ leen di def.
Mbekte xale yi suñuy jàŋg lu am solo la, yaakaarnaa ni suñu ci amee fattaliku bu neex dinañu kontine diko def waaye sudeeni lu naqari laleen di fattali wolla ñu amoon kersa ci defko, wolla ñu doon tiit bañko doon def su boobaa duñu sawarati ci diko def.

AY ELEEW ÑI NGII ESPLIKE LUY BLUSON

Suñuy tàggati suñu yaram dañuy sol bluson: mbubbu bluson ap tissët, ap pantalón ak ay dàlli espoor.

Suñu tàggatee suñu yaram ba pare dañuy dem fiñuy simmeekoo ndax dañuy ñaqq, ñu simmeeeku, saŋgu, saase suñuy yére, sol yére yu set ndax apre dañu am veneen kuur.